



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN TRIBINAL SIPRÈM, NAN DIVIZYON APÈL ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dis nominasyon nan Tribinal Siprèm, nan Divizyon Apèl Eta New York la. Klas sa a gen ladan l moun ki nonmen trè kalifye ki soti nan divès orijin pèsònèl ak pwofesyonèl, sa ki montre angajman Gouvènè Hochul pran pou asire sistèm jidisyè Eta New York la reflekte avèk presizyon pakèt moun ki rele New York lakay yo. Anplis de seleksyone nèt nouvo nonmen, Gouvènè Hochul ap ranpli pòs vid la nan vid konstitisyonèl ki te kreye lè li te nonmen Jij Renwick pou sèvi kòm Jij k ap Prezide Tribinal Siprèm Eta New York la, nan Divizyon Apèl, Premye Depatman an.

"Mwen fyè pou m nonmen chak grenn moun nan dis jij eksepsyonèl sa yo epi mwen gen konfyans yo pral sèvi Nouyòk yo avèk jistis ak respè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan pote plizyè deseni eksperyans travay ak divès pèspektiv, moun sa yo nonmen yo pral kontinye pote onè ak entegrite nan sistèm jidisyè Eta New York la."

Nominasyon yo gen ladan:

Anil Singh, Premye Depatman

Anil Singh ap sèvi kounye a nan Divizyon Apèl la epi y ap elve pou l sèvi kòm Jij Asosye pou ranpli pòs vid la nan vid konstitisyonèl ki te kreye lè Gouvènè Hochul te nonmen Jij Renwick pou sèvi kòm Jij Prezidan. Jij Singh te eli kòm yon Jij nan Tribinal Siprèm nan Premye Distri Jidisyè a an 2013 epi li te nonmen nan Komisyon an sou Konduit Jidisyè nan mwa me 2023 pa Jij Anchèf Wilson. Anvan eleksyon li, li te sèvi kòm yon jij pou plis pase yon deseni. Li te eli nan Tribinal Sivil Vil New York la an 2002. Kòm yon Jij Tribinal Sivil, li te prezide zafè ak jiri, san jiri ak Ti Reklamasyon yo, ki gen ladan zafè responsablite deliktyèl; diskisyon komèsyal; zafè kredi pou konsomatè; zafè byen imobilye, enkli zafè pwopriyetè-lokatè komèsyal yo; zafè sibwogasyon; ak diskisyon asirans. An 2015, yo te nonmen Jij Singh nan Divizyon Komèsyal Tribinal Siprèm Eta New York la. Jij Singh te fèt nan Gazipur, peyi Lend an 1958. Antanke adolesan, li te imigre nan Etazini an 1976. Apre li fin fè yon diplòm B.A. nan Lawrence University an 1980, Jij Singh te enskri nan Antioch School of Law nan Washington, D.C., ki te bay li yon diplòm J.D. an 1986. Li te travay kòm avoka tribinal prensipal pou Onorab Alice Schlesinger nan alafwa Tribinal Sivil Vil New York ak nan Tribinal Siprèm New York depi 1987 jiska 2002.

Llinét Rosado, Premye Depatman

Llinét Rosado se yon Jij Kou Siprèm nan Douzyèm Distri Jidisyè a depi 2019. Jij Rosado te kòmanse karyè jidisyè li kòm yon jij pou Tribinal Sivil Vil New York la nan Konte Bronx an 2013 epi yote deziyen li Jij Enterimè Tribinal Siprèm Konte Bronx lan an 2016. Anvan eleksyon li nan majistrati a, li te sèvi kòm yon defansè piblik; yon avoka pou timoun; ak yon avoka tribinal pou twa jij. Jij Rosado se yon Komisè Komisyon Jidisyè Franklin H. Williams, yon manm Komite Ekite Sèks pou 12èm Distri Jidisyè a, Komite Liv Odyans Eta New York la, ak Komite Jidisyè Eta New York sou Fanm nan Tribinal yo. Li se yon manm nan Konsèy Konsiltatif nan Thurgood Marshall Junior Mock Trial Competition ak Vis Prezidan Asosyasyon Nasyonal Jij Fanm (National Association of Women Judges) nan Premye Depatman, NY Chapter.

Kelly O'Neill Levy, Premye Depatman

Kelly O'Neill Levy te sèvi kòm yon Jij nan Tribinal Siprèm Eta New York la nan Premye Distri Jidisyè a depi 2017. Anvan sa, Jij O'Neill Levy te eli nan Tribinal Sivil Vil New York la, nan New York Konte York an 2010 kote li te plase nan plizyè tribinal pandan ane yo, ki gen ladan Tribinal Familyal nan Konte Bronx, Tribinal Siprèm Konte New York kòm yon Jij Administratif nan Harlem Community Justice Center (Sant pou Jistis Kominot nan Harlem) ak Jij Enterimè nan Tribinal Siprèm New York la jiskaske li te eli nan Tribinal Siprèm lan. Anvan sa, li te sèvi kòm yon grefye prensipal pou Onorab Sherry Klein Heitler ak Onorab Rose Rubin. Jij O'Neill Levy te sèvi kòm Prezidan Brehon Law Society, yon Asosyasyon Bawo Ilandè-Ameriken, ak Vis Prezidan Network of Bar Leaders. Li te sèvi tou nan Konsèy Direktè Asosiyasyon Bawo Fanm (Directors of the Women's Bar Association) ak nan Konsèy Administrasyon Sosyete Sèvis Kominotè New York la.

Lourdes M. Ventura, Dezyèm Depatman

Aktyèlman, Lourdes M. Ventura ap sèvi kòm yon Jij Asosye nan Manda Apèl Tribinal Siprèm pou 2èm, 11èm ak 13èm Distri Jidisyè yo. Li te eli Jij nan Kou Siprèm Eta New York la nan Onzyèm Distri Jidisyè a. Anvan sa, Jij Ventura te eli Jij Tribinal Sivil Vil New York nan Konte Queens. Anvan sèvis Jij Ventura a nan majistrati a, li te yon patnè nan kabinè avoka Ahmuty, Demers & McManus ki espesyalize nan tout aspè nan litij sivil. Li se yon ansyen Pwokirè Jeneral Asistan pou Biwo Dwa Sivil Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York kote li te pouswiv ka yo epi mennen ankèt sou plent ki enplike diskriminasyon nan lojman, edikasyon ak lòt domèn. Jij Ventura ap sèvi kounye a kòm ko-prezidan Komite Equal Justice in the Courts (Jisti Egal nan Tribinal) pou Manda Sivil Tribinal Siprèm lan, nan Konte Queens ak yon manm Komite Enstriksyon Jiri Modèl New York (New York Pattern Jury Instructions) la (Sivil). Jij Ventura ap sèvi kounye a kòm Prezidan Asosyasyon Jij Latin (Latino Judges Association) epi li se yon manm konsèy Asosyasyon Jij Tribinal Siprèm Vil New York ansanm ak nan Alèt Kansè nan Tete pou Jij ak Avoka yo.

Carl Landicino, Dezyèm Depatman

Carl Landicino te eli Jij Tribinal Siprèm nan, nan Dezyèm Distri Jidisyè New York nan ane 2011. Jij Landicino te ale nan University of Rochester ak St. John's University School of Law, epi yo te admi li nan Bawo Eta New York la an 1991. Anvan eleksyon li, li te deja yon patnè nan Borchert, Genovesi, LaSpina & Landicino, P.C., kote li te pratike lalwa kòm yon avoka tranzaksyonèl ak yon pledè. Landicino te kòmanse karyè li kòm yon avoka nan Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York la. Jij Landicino se yon ofisyè Asosyasyon Jij Kou Siprèm Vil New York, ansyen Prezidan Asosyasyon Avoka Colonbyen (Columbian Lawyers Association) nan Brooklyn ak Nathan Sobel American Inn of Court nan Brooklyn.

Laurence Love, Dezyèm Depatman

Laurence L. Love te eli Jij Tribinal Siprèm nan Onzyèm Distri Jidisyè a an 2019. Kounye a li ap sèvi kòm jij ko-kowòdonatè nan tout vil New York pou ka Lwa sou Timoun Viktim yo. Anvan sa, li te eli nan tribinal sivil Queens an 2012 epi li te sèvi kòm Jij Tribinal Siprèm enterimè soti 2016 rive 2018. Anvan eleksyon li nan majistrati a, Jij Love te kenbe pwòp pratik lalwa li ak yon konsantrasyon sou lwa sou aksidan pèsonèl ki baze nan Queens epi li te sèvi kòm Konseye Jiridik answit pou Manm Asanble Audrey I. Pheffer, aktyèl Grefye Konte Queens ak Komisè Jire yo. Jij Love se yon manm konsèy Asosyasyon Brandeis.

Mark Powers, Twazyèm Depatman

Mark Powers te eli Jij Kou Siprèm nan Katriyèm Distri Jidisyè a an 2016. Jij Powers gradye nan Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) nan Albany; Fakilte Dwa Western New England (Western New England School of Law); ak (Fakilte Dwa Albany) Albany Law School, ak yon LLM, avèk pi gran onè (summa cum laude). Anvan sa, li te eli Jij Tribinal Familyal an 2001 nan Konte Schenectady epi li te sèvi kòm Jij Tribinal Siprèm Enterimè nan Tribinal Vyolans Domestik Entegre nan Konte Schenectady ak Essex soti 2007 rive 2016. Anvan eleksyon li nan tribinal la, Jij Powers te kenbe pwòp pratik lalwa li epi li te sèvi kòm yon pwofesè adjwen nan Fakilte Dwa Western New England, li t ap te anseye Pratik New York yo. Jij Powers se yon Manm Konsiltatif nan Komite Konsiltatif ak Règ pou Tribinal Familyal Biwo Administrasyon Tribinal la ak Divizyon Apèl la, Komite Konsiltatif Twazyèm Depatman Biwo Avoka pou Timoun lan. Li se tou yon manm nan Asosyasyon Bawo Nwa al Ispanik Distri Kapital la.

L. Michael Mackey, Twazyèm Depatman

Jij Lisa Fisher te sèvi kòm Jij nan Tribinal Siprèm nan twazyèm Distrik Jidisyè an depi lè li te eli an 2016. Anvan li te yon patnè nan Feeney, Centi ak Mackey, kote li te plede jijman sivil nan divès domèn tankou aksidan pèsonèl, pwoteksyon konsomatè, byen imobilye, asirans, ak dwa sivil. Jij Mackey te dedye tan li tou nan sèvis piblik ki enkli

kòm yon Lejislatè Konte Albany ak kòm Avoka pou Vil New Scotland. Li te kòmanse karyè legal li kòm yon grefye konfidansyèl pou Jij Tribinal Konte Albany John J. Clyne.

Henry Nowak, Katriyèm Depatman

Henry Nowak te eli pou sèvi kòm yon Jij nan Tribinal Siprèm nan Uityèm Distri Jidisyè a an 2010 kote li te plase nan Divizyon Komèsyal la soti 2016 jiska 2020 ak pati Erè Medikal depi 2022. Anvan sa, li te eli kòm yon Jij pou Tribinal Vil Buffalo an 2003 kote li te plase nan Tribinal Lojman Buffalo, ki te prezide tout vyolasyon lojman ak degèpisman nan Vil Buffalo. Li te tou deja yon avoka jijman nan Connors & Vilardo, LLP ak Lipsitz, Green, Fahringer, Roll, Salisbury, & Cambria, L.L.P. Jij Nowak te anseye yon Klinik Legal pou Angajman Kominotè an 2022 nan Fakilte Dwa SUNY-Buffero, epi li te deja anseye nan SUNY-Buffero Honors College ak New York Judicial Institute. Li se yon ko-edite tou nan The Bench Book for Trial Judges (Liv Odyans pou Jij Premye Enstans) – New York.

Scott DelConte, Katriyèm Depatman

Scott DelConte te eli an 2018 pou sèvi kòm yon Jij nan Tribinal Siprèm nan Senkyèm Distri Jidisyè. Anvan sa, DelConte te yon manm (patnè) Bond, Schoeneck, and King, PLLC, kote li te antre ladan nan ane 1999, ak direktè kabinè avoka DelConte nan Oswego, kote li te okipe pledwari konplèks. Nan pratik sivil li a, DelConte te sèvi kòm Chanselye ak konseye jeneral nan Konferans Anyèl United Methodist Church (Legliz Metodis Ini) nan Upper New York. Li se tou yon ansyen Prezidan Asosyasyon Bawo Konte Oswego, ak yon ansyen Direktè Sosyete Agrikòl (Agricultural Society of Oswego) Konte Oswego-ak Ekstansyon Koperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension) nan Konte Oswego. DelConte elve bèf Hereford ak madanm li ak kat timoun nan fèm familyal pa yo.

Komite Seleksyon Jidisyè (Judicial Screening Committee) pou chak nan kat Depatman Apèl yo revize aplikasyon yo epi fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Epi se sèlman aplikan sa yo ke yo estime ki "wotman kalifye" pa Komite yo ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn "wotman kalifye," kandida yo dwe montre entegrite, endepandans, lidèchip, entèlijans, kapasite jiridik, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

Biwo Gouvènè a pral kontinye revize kandida ki reyisi nan pwosesis tès depistaj la pou ranpli pòs ki vid nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm (Appellate Division of the Supreme Court) lan.

Daprè Konsititasyon ak Lwa Jidisyè Eta New York, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij ki ap prezide nan chak Divizyon Apèl pami sila yo ki te eli kòm jij nan Tribinal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfimasyon Sena a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418